



UBURIMYI BUNYWANISHA IMIRIMA N'IBITI

Hari uturusho twinshi twibonekeza canke umuntu ashobora kwibonera we nyene aho nyene canke bikamugaragarira mu nyuma mu gihe yatunganije neza uburimi banywanisha imirima n'ibiti

Hakurikijwe ibifatirwako n'ikigo Naturland, ikawa canke igiterwa ca kakawo bikoresha umwavu kama bitegerezwa kurimwa mu buhinga banywanisha imirima n'ibiti buhuye na kamere akarere kose kisangije, musi y'ibiti bifise igitutu. Hari uturusho twinshi twibonekeza canke umuntu ashobora kwibonera we nyene aho nyene canke bikamugaragarira mu nyuma iyo yatunganije neza uburimi banywanisha imirima n'ibiti. Gutera ikawa muri ubwo buhinga banywanisha imirima n'ibiti bifise inyungu nyinshi zigaragarira aho nyene mu vy'ubutunzi. Hariho n'inyungu mu vyerekeye kwubahiriza umubano mwiza w'ibidukikije mu burimi, eka no mu mubano w'abantu hamwe no mu mico y'abantu aho babaye.

Inyungu z'uburimi banywanisha imirima n'ibiti ku rugero rw'ubutunzi

Gushobora gutera ibindi biterwa umuntu yikorako

Mu buhinga bwo kunywanisha imirima n'ibiti, haraterwa ibindi biterwa i ruhande y'ibiterwa birimirwa kudandazwa. Ivyo biterwa bindi birashobora gukoreshwa n'umurimi hamwe n'umuryango wiwe, bakabifungura bikabazanira intungamubiri zikenewe. Ubuhinga banywanisha imirima n'ibiti bu-rashobora kuba n'uburyo bwiza bwo kuronka ingaburo y'ibitungwa. Buranatumu umurimi ashobora kuronka inkwi canke ibikoresho vyo kwubaka akaronka ubwoko bwinshi bw'ibiti akuramwo ibiva mu bito bikenerwa mu bihe vyose vy'umwaka.

Kugabanura amafaranga asohoka hamwe n'urugero rwo kuzera inze

Kubera kuronka imfungurwa, indya z'ibitungwa, inkwi canke ibikoresho vyo kwubaka, umurimi aragabanura amafaranga yasohora kuko ataba agikeneye kugura ivyo vyose twavuze vyamutwara uburyo mu kaguriro. Bica binatuma atagikorwako n'ihindagurika ry'ibiciro ku masoko. Kubera inyungu z'uburimi banywanisha imirima n'ibiti mu vyerekeye kwubahiriza umubano w'ibidukikije, abarimi baharonkera akaryo keza ko kudakorwako n'ihindagurika ry'ibiciro ku masoko. Biciye mu karusho mu vyerekeye umubano w'ibidukikije, abarimi baharonkera akaryo ko kutazera inze no kwunguka amafaranga yosohowe mu kugura ivyo bakeneye (umwavu, umuti wo kwica ivyonyi).

Kugwiza amasoko y'amafaranga yinjira n'uguhanyirwa

I ruhande y'ivyo umurimi afungura, umwimbu w'umusesekara uvuye mu buhinga bwo kunywanisha imirima n'ibiti urashobora kudandazwa mu masoko ukamuronsa ubundi buryo bwo kwinjiza amafaranga. Uwo mwimbu wundi ubonetse i ruhande y'ikawa urashobora kugira akanovera k'urugero rwo

hejuru kuko wimbuwe hakoreshejwe umwavu kama. Ndetse harashobora kuvamwo n'ibindi vyimburwa bishobora guhingurwa n'abarimyi hamwe n'imiryango yabo, bikagurishwa bikavamwo akandi karusho, nk'akarorero amavuta, ivyatsi, ivyamwa vyahinguwe, canke ibibazano bivuye mu biti. Iyo bituma umurimyi agabanura urugero rwo kubangamirwa n'ubukene kuko ataba akiziga uburaro n'uburamuko ku giterwa kimwe conyene cinjiza amafaranga hamwe n'ihinduka ry'ibiciro vyaco bi mugirako ingaruka zimubangamira.




- | | |
|--|---|
| 1 Ibiti kwubaka, inkwi zo gucana,...) | 5 Ibihingurwa mu bimerwa (impuzu, ivyambarwa,...) |
| 2 Indya z'ibitungwa | 6 Imiti (ivyatsi, ibishishwa vy'ibiti,...) |
| 3 Ibivamwo imfungurwa (ibitoke, ibigazi,...) | 7 Ibisasizo (amababi, ibishamishami,...) |
| 4 Amafara yinjira (avuye mw'ikawa, ...) | |

Igicapo ca 1: Akarorero k'ibintu bishobora gukoreshwa n'umurimyi iwe nyene canke akabidandaza mw'isoko.

Kurinka ibiciro vyisununuye kubera ikawa yarimwe ku buhinga buteye imbere

Kurima ikawa mu buhinga bunywanisha imirima n'ibiti vyungura vyinshi ku vyerekeye akanovera k'ikawa. Akanovera karushirije gatuma igiciro c'ikawa ishwe mu mahanga cisununura, umurimyi akaharonkera akoyoko – ari yo nyungu nyamukuru yotuma umurimyi akurikiza ubuhinga bunywanisha imirima n'ibiti.



Ikibariko ca 1:
Imvo zo kubandanya kwinjira mu mugambi w'uburimyi bunywanisha imirima n'ibiti uma-ze imyaka 7 utanguye (Burundi). Igicapo cacu dukurikije Ndiho kubwayo et al. (2021)

Imvo zo kubandanya guhindura uburyo

Akamaro k'igitutu ku giterwa c'ikawa

Ibiti bifise igitutu bizanira akayaga gapfutse kandi kagirira neza igiterwa c'ikawa. Biragabanura ubuyega igiterwa c'ikawa kigira, bigatuma intete zera zitonze, ari vyo bituma kigira intete nyinshi. Iyo intete zironse umwanyo wo kwitonda mu gukomera bituma ibi bikurikira:

- Intete zivyibushye kandi ziremye, ari zo zirimwo akanovera n'akamoto kandi zikagumya ako kanovera.
- Ubukabuzi bwiyongereye kubera urugero rw'inkabuzo ruvuye ku nkabuzo zikomoka mu binyabuzima. Izo nkabuzo ni zo zituma ikawa yahinguwe irushiriza kugira akabara ga kayangana n'akanovera karushirije.
- Inkabuzo yo mu bwoko bwa kafeyine yagabanutse bimwe biboneka.

Igitutu mu burimiye bunywanisha imirima n'ibiti kigumiza ku rugero rwiza ubushuhe n'imishwarara y'izuba irasira ku giterwa. Imishwarara y'izuba irasira ku giterwa ibaye myinshi ituma ubukari bwitwa kororijenike buba bwinshi mu rutete, ikawa ikarura. Igitutu gihwamika ihanamirwa n'"ukubaburwa" riba ribangamiye ibitumbwe, rikonona akamoto n'icanga vy'ikawa.

Ico ibiti bizana igitutu bifasha

Mu buhingabunywanisha imirima n'ibiti, ibiti bituma utunyabuzima tuba mw'isi ndimwa tukayigaburira tuba twinshi kandi tukaba mu bwoko butandukanye, hakabamwo n'utw'ingirakamaro two mu bwoko bwa bagiteri n'ubw'utuzinu. Utwo tunyabuzima tuba mw'isi ndimwa dutuma igiterwa c'ikawa kivoma ingaburo kikama intete zivyibushye kandi z'akanovera kiyongereye.


Vyongeye, iyo ibiti bitanga igitutu vyiyongereye, biragira akamaro ku kanovera k'ikawa yahinguwe, kuko ivyo bita biratuma akarere kagira kamere y'akayaga n'umwawu kisangije. Ubutandukane mu kanovera bukomotse ku bwoko bw'igiti kirimo igitutu buri aho hantu burashobora kwibonekera ku gatandukaniro gasa n'akatigaragaza rwose ariko kakaba ari ko karanga ikawa yisangije. Nk'akarorero, igiti co mu bwoko bwa *Grevillea robusta* kiratuma urutete rugira akanovera gateye nk'ak'indimu.

Kugabanura urugero rw'ugusiganirwa ingaburo

Uburyo bwo gutera ikawa iri kumwe n'ibiti mu buhinga bw'uburimiye bunywanisha imirima n'ibiti, bukinga ingwizamurongo z'amashurwe n'ivyamwa ku giterwa kimwe. Zituma ku giterwa kiriko hataba kugwanira ingaburo, urutete rugaheza rukaba rwiza.

Kugabanura urugero rw'ivyo igiterwa cotakaza

Ibiterwa bizana amafaranga bigira ihungabana rike rijanye n'ibidukikije iyo bikingiwe ibibibangamira bitututse ku bihe, nk'umuyaga n'imvura ikaze. Vyaribonekeje ko ivyononekara vyagabanutse cane mu gihe c'ibihe vy'ikirere bimeze nabi cane.



Igicapo ca 2: Iteranirizo ry'ivyiza bikomoka mu burimi banywanisha imirima n'ibiti ku biraba ubwiza bw'ikawa

Akamaro k'ukunyanisha imirima n'ibiti mu vyerekeye kwubahiriza umubano w'ibidukikije

Kuzigama isi


Ibiti biragira neza imero y'isi bikayirinda kwo-nonekara. Imizi ifashe neza mw'ivu ituma rirushiriza kugumana ubwiyunge, gutyo igakinga inkukura, igatuma ibinyabuzima bivamwo umwavu bigwira bigashobora gusasira bi-kanashobora kubongera bikagaburira igiterwa. Ibiti bikora igikorwa co gukinga umuyaga, bi-gashira ku rugero umuvuduko w'umuyaga, bi-gakingira isi inkukura ikomoka ku muyaga. Urubabi rw'igiti rurasama imvura rukagabanura ingaruka y'ivyo yokwonona ishitse hasi, rugatu-ma ishika hasi yahwanye. Imizi y'igiti ituma ivu riyunga, rikaguma rifatanye, ari vyo bikinga inkukura.



Ishusho ya 3: Urufatane rw'imizi rutuma isi igira ubwiyunge © Naturland e. V.

Kworosha ibongera ry'ingaburo

Ibiti biravoma ingaburo yanyengetereye kure mw'ivu bikayidugana vyifashishije urufatane rw'imizi. Iyo ngaburo irahaze igaca ikoresheya n'ibiterwa. Isaso ry'ibibabi, imizi, urubombe rw'imizi, n'ibindi vyose bikoroka hasi bivuye ku biti, biteba bihindukamwo ingaburo y'igiterwa. Uko ni ko haba umwihindaguro uvamwo ibigaburira isi. Ubwoko bumwebumwe bw'ibiti mu burimyi bunywanisha imirima n'ibiti, canecane ibiti vy'ibinyamihanyu, burafise ubushobozi bwo kugumya azote ivuye mu kirere biciye mu runyane rw'utunyabuzima dutoduto tugumya azote mu dupfundopfundu twatwo turi mu mizi. Iryo hinduka rituma isi igaburirwa azote, iyo na yo ikaba ari imwe mu ngaburo ikenewe cane kugira ngo igiterwa gikure. Igiterwa cose kironkera akunguko ku kindi, umwimbu ukongerekana, kuko ivyo ibiterwa bitewe hamwe vyongereza umwimbu.



Ikibariko ca 2: Inyungu ziva mu kunyanisha ibiti bizana igitutu n'ikawa mu bitara nk'uko bibonwa n'abarimyi 334 mu Burundi kuva aho bijukiriye uburimyi bunywanisha ibiti n'ibiterwa mu Burundi. Akarorero kacu dukeshye Ndiokubwayo et al. (2021)

Inyungu y'umwavu ukomoka mu binyabuzima

Ibibabi bigwa hasi, udushami, n'ibindi biva ku biti, birabongera, bikongerereza isi umwavu. Uwo mwavu urongereza imero y'isi, ubushobozi bwo kugumya amazi, ukugumya akabombera, n'ukugumya ingaburo, bigatuma uburyohe bw'isi bwongerekana.

Igikorwa c'utunyabuzima dutoduto duhindura ivu

Ahantu hari ibiti hamwe n'isaso ry'imborera haca hagira imero ituma habamwo utunyabuzima dutoduto hamwe n'utwo mu bwoko bw'utuzinu. Utwo twose ni nkenerwa mu kuvungura ibivamwo umwavu bigahinduka ingaburo igiterwa gishobora kwiinjizamwo.

Igitutu n'umwavu uva mu binyabuzima biragabanura urugero rw'ubushuhe bw'isi bikanayikingira imishwarara y'izuba iyirasirako. Iryo bituma udukoko tubungabunga ivu tumererwa neza, kuko ubushuhe bwinshi burabangamira ubuzima bwatwo n'igikorwa catwo.

Gukoresha amazi vy'ingirakamaro

Imizi y'ibiti ituma mw'ivu haboneka inzira z'ihemero, gutyo amazi agashobora kunyengerera neza. Ku vyerekeye gutuma imero y'isi iba nziza, isi irongereza ububasha bwo kuvoma no kugumya amazi, ayatamba hejuru akagabanuka, amazi yo hejuru akinjira mu kuzimu neza ku rugero. Ibiti birongera bikaduza amazi biyakuye mu kuzimu mu gihe ata mvura yabonetse canke iyo ata mazi akwiye ava hejuru. Urubabi rwavyo ruzana igitutu, rugakinga itumuka ry'umwuka uva hasi, gutyo akabombera ntigahenze ngo gatakare. Iryo birashobora kugabanura urugero rw'amazi yorondewe igiterwa gikenera, kuko amazi yo mu kabombera musu y'ivyo biti adaheza ngo ayayuke ahinduke umwuka ari menshi.

Kwibwira kw'isi

Uburimyi bunywanisha imirima n'ibiti burashobora gusubiza uburyohe isi yononekaye canke yatitutse biciye mu bwoko bumwebumwe bw'ibiti. Burashobora kandi kugabanura urugero rw'uburozi buri mw'isi, waba umunyu canke ubukarihe, bukaguma buri ku rugero rutonona.

Gukurikirana no gutorera umuti ibijanye n'ivyonyi hamwe n'indwara

Kubera ko abarimyi bamara umwanya utari muto mu murima basoroma ivyimbura vyatewe hagati no kubera ko umutima uba uri mu gatutu ahantu heza, barashobora gukurikirana neza kandi vuba na vuba ingene ubukoko bwonona n'indwara biza, gutyo bagashobora gufata ingingo zerekeye ubukoko bwonona hamwe n'indwara ibintu bitarononekara.

Iyo ibiterwa umuntu yipfuye kurima bitagase neza, ivyatsi bibi biba bike. Ukugira ibiti vy'ubwoko bwinshi mu buryo bwo kurima bunywanisha imirima n'ibiti bituma haboneka igitutu ku bikoko bitobito vyuza, ibikwega inda, hamwe n'inyoni, bigashobora kurya udukoko twoteye indwara imirima. Ukwitwararika ubutandukane bw'ibinyabuzima kuragabanura udukoko twonona hamwe n'indwara.





2014

Nta bindi biterwa canke ibiti bizana igitutu bitewe mu murima. Hariho ingorane nini iterwa n'igifushi c'ubwoko bwa Antestia. Abarimyi ntibamara umwanya ukwiye mu murima.



2018


Abarimyi baratanguye kumara umwanya munini mu murima, bituma barushiriza gucungera umuzo w'udukoko twonona hamwe n'indwara.



2022

Abarimyi baramara umwanya mu murima kuko baraza gusoroma umwimbu uva ku bindi biterwa. Barakurikirana neza igifushi ca Antesia. Iyo bakibonye baca bakoresha umuti uva mu bimera wakoze n'ishirahamwe.

Igicapo ca 4, 5 & 6: Ingene igitara c'ikawa cagiye kiratera imbere kuva mu 2014 (aho umurimyi yatangura kwijukira ubuhinga bwo kurima bunywanisha imirima n'ibiti) gushika mu 2022 muri COCOCA, Burundi © Naturland e. V.



1 Kwitwararika gukurikirana ubutandukane bw'ibinyabuzima n'ukugenzura ko ubwoko bwavyo bugwira, n'ugukwegakwega ibinyabuzima bisozza imbuto z'amashurwe, nk'inzuki n'ibinyugunyugu.

2 Kuzana igitutu kigabanura ingorane z'igiterwa, z'ibikoko n'iz'ibitungwa zijanye n'amazi n'ubushuhe buri ku rugero rwo hejuru.

3 Imero y'isi nziza n'umwavu uva mu binyabuzima biratuma amazi y'imvura ashikira igiterwa yagabanuye inguvu, bigatuma anyengetera neza mw'isi.

4 Kwongereza iboneka ry'ingaburo y'igiterwa biturutse ku mizi ishika kure, no ku biti bigumya azote no ku kugumya ivu kubera imizi.

5 Gukomeza igikorwa c'ibinyabuzima kibera mu kuzimu biciye mu kugabanura ubushuhe bw'isi, kuzana ingaburo yorohereza ubuzima bw'udukoko dutoduto dukenewe mu murima ikatubera indya n'uburaro.

6 Gutuma imero y'isi iba nziza, bikongereza kugumya akabombera k'isi n'ubushobozi bwo kugumya ingaburo y'ibiterwa.

7 Gukingira igiterwa umuyaga, izuba n'imvura ikaze, kugabanura itemberana ry'amazi, inkukura n'itakara ry'amazi riba biciye mu kuyayuka kw'amazi akavamwo umwuka kubera ubushuhe n'izuba ryakira igiterwa.

8 Kuronsa aho biba ibikoko birya ivyonona imirima n'udukoko dutera indwara, bigatuma indwara zitarandagata.

Ishushanyo ya 7: Iteraniro ry'inyungu ziri mu burimyi bunywanisha imirima n'ibiti mu vyerekeye uburimyi bwitwararika ubusabane bw'ibidukikije

Inyungu mu vyerekeye umubano n'imico

Kuzigama imibano

Ubuhinga bwo kunywanisha imirima n'ibiti buratsimbataza uburyo kama bwo gufungura kuko butuma haboneka ivyamwa, imboga, ibisoromwa intete zihekenywa, ibikomoka ku bitungwa, gutyo abantu bagashobora kuronka imfungurwa bamenyereye. Burafasha kuzigama ubumenyi kama n'intunganyo kama mu vyerekeye uburimiye, no mu kurondera no gutegeza imfungurwa, gutyo abasangiramubano bakagira ubuzima bwiza kuko ivyo bakeneye n'ivyipfuzo vyabo vyafatiweko mu gutunganya n'uguteza imbere integuro mu vy'uburimiye bunywanisha imirima n'ibiti, bikabaha uruhara mu kugira ico bavugaga mu vyerekeye amatungo n'amatungo yabo.

Gutanga amahirwe y'akazi

Ubuhinga bunywanisha imirima n'ibiti buravyara akazi mu basangiramubano ku ntambwe zose z'uburimiye, nko mu gutera, gusoroma, no guhingura ibindi biterwa vyavuye mu burimiye bunywanisha imirima n'ibiti atari ishorwa kw'isoko.

Kuzigama kazoza

Uburimiye bunywanisha imirima n'ibiti burazigama itunga kama n'iry'igihugu, nk'ibinyabuzima bitandukanye, ku buryo bifasha urunganwe rwo muri kazoza. Mu burimiye bunywanisha imirima n'ibiti, nk'inyoni zirashobora kuboneka ku rugero rwigwije incuro 2.5 dufatiye ku gitara c'ikawa gisanzwe.

Kuboneka neza kw'akarere

Kubonekesha neza akarere n'ugutuma kabamwo ibinyabuzima vyunganirana biratuma haba ahantu hakwegakwega abantu, ingenzi zikahahurumbira, ibikorwa vy'umwidagaduro bigakunda kuhabera, kuko hashajije kandi ari ihuriro ry'ibinyabuzima.



*Igicapo ca 8 & 9: Ibitara bibiri vy'ikawa
© Naturland e. V.*

Inyungu z'ubuhinga bwo kunywanisha imirima n'ibiti mu vyerekeye kunywanisha ibinyabuzima no kuzigama ibidukikije

Kugumya karubone

Ibityi bitewe mu buhinga bwo kunywanisha imirima n'ibiti birashobora gufasha mu gukwega karubone iva mu kirere ikinjira mu kuzimu kure, bigatuma ifatwa, ubwo bukaba uburyo bwo gufasha guhangana n'ihindagurika ry'ibiti.

Kugabanura inkurikizi y'ihindagurika ry'ibihe

Ukwongerekana kw'inkurikizi mbi z'ihindagurika ry'ibihe, nk'ihindagurika ry'urugero n'ibihe vy'imvura, imyuzure, ihomoka ry'imisozi, imiyaga ikaze, ... birashobora kumerera nabi cane imirima, abantu n'ibikoko. Uburimyi bunywanisha imirima n'ibiti burashobora gufasha mu kugabanura inkurikizi mu buryo bwinshi, nk'akarorero ibiti bikinga umuyaga birashobora gukingira umuyaga ibirimwa bigurishwa ku masoko, ibiti bitewe ku musozi birashobora kugumya isi kubera imizi yavyo bikanakinga ihomoka ry'imisozi.

Gutuma akayaga n'amazi birushiriza kuba vyiza

Ibiti birashobora kununura imyuka yonona ibidukikije ibangamira abantu cane bikayikura mu kirere, gutyo bigatuma ukwononekara kw'ikirere kugabanuka, akayaga kakaboneraho kuba keza.

Ukubangamirwa n'inyengetera ry'uburozi mu mazi atemba no mu yandi masoko y'amazi biraheza bikaba bihavuye, kuko nta bitabizo n'imiti vy'ibihingurano biba vyakenewe. Abantu n'ibitungwa biba bikingiwe kuko vyoshitse bigakoresha amazi yagiyemwo ubumara.

Incamake

Ubuvinga bwo kunywanisha imirima n'ibiti, burasununura ibikorwa vy'abarimyi n'imiryango yabo mu kubashikana ku karusho mu vy'ubutunzi bigatuma bashobora kwisununura mu buraro, mu bitungwa, no mu kwigisha abana babo. Buragira n'ingaruka nziza ziboneka ku bidukikije, biciye mu kwongereza uburyohe bw'isi, ukwongerekana kw'ubunywane bw'ibidukikije, n'ugutuma imiryango y'abarimyi irushiriza kuba mu buzima bwiza ku neza y'urunganwe rwo hanyuma. Nk'uburyo bwo gufatira hamwe ivya nkenywa vyose, ubuvinga bunywanisha imirima n'ibiti ni integekanyo iha abasangiramubano icizere c'intunganyo irama na kazoza keza k'uburimyi bwabo.

vyasubiwemwo: 03/2025



Ibitabu vyakoreshejwe

Bote, Adugna D., and Paul C. Struik. "Effects of shade on growth, production and quality of coffee (*Coffea arabica*) in Ethiopia." *Journal of Horticulture and Forestry* 3.11 (2011): 336-341.

Cheng Bing, Cheng Bing, et al. "Influence of genotype and environment on coffee quality." (2016): 20-30.

Jose, Shibu. "Agroforestry for ecosystem services and environmental benefits: an overview." *Agroforestry systems* 76 (2009): 1-10.

Koutouleas, A., et al. "Shaded-coffee: a nature-based strategy for coffee production under climate change? A review." *Front Sustain Food Syst* 6: 877476." (2022).

Sollen-Norrin, Maya, Bhim Bahadur Ghaley, and Naomi Laura Jane Rintoul. "Agroforestry benefits and challenges for adoption in Europe and beyond." *Sustainability* 12.17 (2020): 7001.

"Sustainable Forestry Practices" FasterCapital, fastercapital.com/keyword/sustainable-forestry-practices.html. Accessed on 1Mar.2024

Torrez, Vania, et al. "Ecological quality as a coffee quality enhancer. A review." *Agronomy for Sustainable Development* 43.1 (2023): 19.

Vaast, Phillipe, et al. "Shade: a key factor for coffee sustainability and quality." ASIC 2004. 20th International Conference on Coffee Science, Bangalore, India, 11-15 October 2004. Association Scientifique Internationale du Café (ASIC), 2005.

Isoko y'amashusho n'ibicapo

- Ikibariko ca 1 & 2: ibicapo vyacu vyahinyanyuwe hisunzwe Ndiokubwayo, Soter & Havyarimana, Tharcisse & Windbuehler, Sarah & Niragira, Sanctus & Habonimana, Bernadette & Kaboneka, Salvator & Megerle, Heidi. (2021). Farmers' Perception of Coffee Agroforestry Systems in an Area Targeted for Organic Certification in Burundi. *East African Journal of Forestry and Agroforestry*. 3. 40-53. 10.37284/eqjfa.3.1.352
- Ibicapo vyose: © Naturland - Verband für ökologischen Landbau e. V.

Itegurwa turikesha



Vyafashwe mu mugongo na



Vyashizwe mu ngiro na

